



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO BIWO AMAZON NAN VIL NEW YORK LAN PRAL KREYE 2,000 PÒS TRAVAY

Pwojè a Pral Kreye Pozisyon Ki Byen Peye nan Finans, Lavant, Komèsyalizasyon, ak Teknoloji Enfòmasyon

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Amazon pral elaji prezans li nan Vil New York ak ajou yon biwo administratif ki mezire 359,000 pye kare nan adrès 5 Manhattan West. Dènye investisman ak ekspansyon sa pral kreye 2,000 nouvo pòs travay ki byen peye nan finans, lavant, komèsyalizasyon, ak teknoloji enfòmasyon.

“Nouvèl ekspansyon Amazon nan New York lan se prèy pozitif ke klima ekonomik djanm nou an, mendèv divès ak talan nou yo, ap ede atire pi gwo konpayi yo ki soti toupatou nan mond lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pral kontinye sipòte kwasans sektè biznis eta sa, ki an retou ap sipòte kwasans ekonomik ak kreyasyon bon jan kalite travay ki byen peye atravè Empire State.”

Nan objektif pou kapab ankouraje ekspansyon Amazon lan nan Eta New York, yo te ofri konpayi an jiska 20 milyon dola nan kredi enpo ki baze sou pèfòmans yo atravè Pwogram Travay Eksèlisyò (Excelsior Jobs Program) Empire State Development (ESD) lan. Amazon pral investi 55 milyon dola pou kapab ekipe espas biwo ki mezire 359,000 pye kare a ki nan 5 Manhattan West ki ap itilize estanda ki pa konsome anpil enèji yo. Ekspansyon an pral kreye 2,000 nouvo pòs travay nan finans, lavant, komèsyalizasyon ak enfòmasyon teknoloji ki pral peye yon 100,000 dola chak ane an mwayèn. Amazon pral konsève tou plis pase 1,800 pòs travay nan Eta New York.

Nouvo biwo Amazon lan nan 5 Manhattan West ap rejwenn divès ekspansyon ki ap kreye pòs travay nan Amazon nan Eta New York. Depi 2012, Amazon te investi 9 milyon dola nan Fashion Photography and Videography Studio inovatif ki nan Brooklyn, kreye plis pase 50 pòs travay dirèk epi sipòte plis pase 300 pòs travay, ak 2 milyon dola nan kredi enpo ki baze sou pèfòmans yo atravè Pwogram Travay Eksèlisyò an. An 2014, Amazon te etabli yon biwo administratif ki mezire 350,000 pye kare nan 7 West 34th Street, kreye plis pase 500 pòs travay ak 5 milyon dola nan kredi enpo yo atravè Pwogram Travay Eksèlisyò an.

“Nou kontan anpil pou nou elaji prezans nou nan New York - nou te toujou jwenn gwo talan isit lan”, **se sa Paul Kotas, ki se Vis Prezidan Siperyè Komèsyalizasyon Mondyal Amazon, te deklare.** “Mwa Janvyè dènye nou te anonse plan nou pou kreye 100,000 pòs travay a tan konplè ki ranpli avantaj nan peyi Etazini apati mitan 2018 epi nou sou wout pou atenn objektif nou.”

Nan dat 6 Septanm, Gouvènè Andrew M. Cuomo [te anonse](#) yon nouvo sant egzekisyon Amazon pou 100 milyon dola nan Global Logistics Park ki nan West Shore nan Staten Island, ki pral sipòte 2,250 nouvo pòs travay a tan konplè. Antan ke premye sant egzekisyon Amazon nan Eta New York, etablisman ki mezire 855,000 pye kare a li pral ofri opòtinite pou anplwaye yo pou kapab angaje ak wobotik avanse yo nan yon espas travay ki wotman teknolojik.

Prezidan, PDG ak Komisyone ESD, Howard Zensky, te deklare, “Desizyon Amazon pou lokalize pwojè majè sa nan New York se plis prèv ke estrateji devlopman ekonomik nou yo ap fonksyone, aktivman epi efektivman devlope bon jan kalite travay yo ki nan Empire State.”

Manm Kongrè Jerry Nadler te deklare, “Mwen kontan anpil dèske jodi a nou ap anonse ke Amazon pral elaji prezans li nan Vil New York epi ajoute 2,000 nouvo pòs travay pèmanan ki byen peye nan finans, lavant, komèsyalizasyon ak teknoloji enfòmasyon nan bò lwès Manhattan, pi nouvo vwazinaj Vil New York pou biznis, kilti ak rezidansyèl. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ansanm ak Empire State Development ki te travay ekstrèmman di pou kapab asire ke kontra sa vin yon reyalyte. Men nou pa bezwen di ke byensi, Amazon ki se pi gwo konsesyonè nan mond lan ki baze sou entènèt, li gen yon gwo prezans nan Vil New York, kapital finansye ak kiltirèl nan mond lan.”

Senatè Brad Hoylman te di, “Mwen te egzalte pou mwen aprann ke New York pral kapte yon pyès enpòtan nan avantaj ekspansyon komès sou entènèt, sa vle di kreyasyon travay. Ekspansyon Amazon nan 5 Manhattan West ki nan distrik Sena a pral yon benediksyon nan ekonomi lokal la. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ansanm ak Empire State Development pou efò yo nan kreyasyon 2,000 nouvo pòs travay ki byen peye.”

Senatè Marisol Alcántara te deklare, “Mwen kontan anpil pou nouvèl ki di ke plizyè milye pòs travay ki byen peye pral vini nan 31yèm Distrik Sena Eta a. Empire State Development te fè yon travay fabile nan atire pi gwo opòtinite ekonomik yo nan Manhattan, epi mwen espere travay ansanm ak Amazon ak ESD pou kapab asire ke nouvèl antrepriz sa ap investi nan kominote nou yo nan anboche onivo lokal epi tilize kontraktè lokal yo.”

Prezidan Minisipalite Manhattan, Gale A. Brewer, te deklare, “Nan fondasyon reyisit vil nou an se bon jan travay ki byen peye nan distrik biznis transpò rich Manhattan yo. Mwen kontan dèske Amazon pral elaji nan pi nouvo distrik komèsyal nou an, Hudson Yards, epi akeyi yo nan vwazinaj yo.”

Manm Konsil Vil New York, Corey Johnson, te di, “Pandan ke gouvènman federal la ap chèche kraze kominote biznis lan kont anviwònman an, New York konprann ke li pa sèlman posib men li benefisyè pou konpayi yo pou aparye bon jan travay ki byen peye ak pratik dirab yo. Nan yon peryòd kote efè brital chanjman klimatik yo sou devan sèn nan, sektè piblik ak prive yo dwe travay ansanm pou kapab asire yon mond sekirize epi ak kè kontan pou jenerasyon fiti yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li epi akeyi Amazon nan Bò Lwès Manhattan epi mwen espere ap genyen yon relasyon pwodiktif epi pandan lontan.”

Anplwaye a tan konplè nan Amazon yo ap resevwa peman konpetitif ak yon pake avantaj global, ki enkli swen sante, 401(k), prim estòk konpayi yo, ak [avantaj konje parantal yo](#), ki enkli jiska 20 semèn konje peye ak avantaj inovatif tankou Leave Share ak Ramp Back, ki ap bay nouvo paran yo fleksibilite ak fanmi yo ki ap agrandi.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418